



Pwen Daksè Inik pou Timoun nan Vil new York: Otorizasyon Pou Divilgasyon Enfòmasyon

Non Timoun nan/Pasyan an:	Dat Nesans:
----------------------------------	--------------------

Mwen menm, _____, mwen otorize Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la, atravè Pwen Daksè Inik pou Timoun (Children's Single Point of Access, CSPOA) li a, pou li alafwa divilge ak resevwa oswa jwenn aksè ak enfòmasyon sa yo konsènan pitit mwen an (oswa konsènan mwen menm si mwen gen laj 18 lane oswa plis):

Tout evalyasyon edikatif, medikal, tretman pou abi sibstans ak evalyasyon sante mantal yo, sa gen ladan Fòm Referans Inivèsèl la; evalyasyon sikyatrik ak sikolojik; evalyasyon sikososyal; rapò sou egzeyat; tout done klinik; nòt sikoterapi yon pwofesyonèl swen sante pran, ki se yon pwofesyonèl swen sante mantal k ap dokimante oswa analize kontni konvèsasyon pandan yon sesyon konsèy prive oswa angwoup, kolektif, oswa sesyon konsèy famiyal, ke yo ka separe ak rès dosye medikal mwen yo; tout done ke CSPOA posede oswa jwenn; ak lòt enfòmasyon ki dekri nan seksyon ki anba a:

Lòt enfòmasyon pou yo divilge [si enfòmasyon yo divilge yo fè pati 42 CFR Part 2, endike enfòmasyon egzak yo la a]:

Mwen bay CSPOA otorizasyon pou yo resevwa oswa jwenn aksè ak enfòmasyon ki dekri anwo yo nan nenpòt plan sante, nan men medsen, ak divilge yo bay pwofesyonèl swen sante, lopital, klinik, laboratwa, famasi, etablisman medikal, oswa lòt pwofesyonèl swen sante, asistan sosyal, òganizasyon sèvis sosyal, pwofesyonèl swen sante mantal, oswa lòt moun oswa òganizasyon ki dekri nan seksyon ki anba a ki te founi oswa ki pral founi peman, tretman, oswa sèvis bay pitit mwen an oswa nan non pitit mwen an (oswa ban mwen oswa nan non mwen si mwen gen laj 18 lane oswa plis):

Non lòt moun nan (yo) oswa òganizasyon an (yo) ki dwe divilge enfòmasyon yo [si enfòmasyon yo divilge yo fè pati 42 CFR Part 2, endike moun nan (yo) oswa òganizasyon an (yo) egzak ak non moun pou kontakte a (yo) ki pral resevwa enfòmasyon an]:

Otorizasyon sa a ap ekspire lè mwen anile l sof si gen yon dat oswa yon evènman ki espesifye nan seksyon anba a:

Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a pral ekspire:

CSPOA divilge oswa resevwa enfòmasyon sa a sou demand mwen ak/oswa nan objektif evalyasyon pou sèvis, detèminasyon elijibilite, referans pou sèvis, oswa pou bay pitit mwen an (oswa mwen menm si mwen gen laj 18 lane) sèvis, ak/oswa pou objektif ki dekri nan seksyon ki anwo a:

Lòt objektif divilgasyon an:

Mwen konprann ke mwen pa oblije siyen otorizasyon sa a epi si mwen refize siyen l sa p ap afekte kapasite pou pitit mwen an (oswa kapasite pa m si mwen gen laj 18 lane oswa plis) pou jwenn tretman, ni li p ap afekte elijibilite pitit mwen an (oswa elijibilite pa m si mwen gen laj 18 lane) pou sèvis yo. Sof nan kèk eksepyon, moun ki resevwa yo a ka divilge enfòmasyon yo ankò yon fwa yo te divilge yo.

Mwen konprann tou ke se dwa m pou mwen revoke otorizasyon sa a alekri nenpòt ki lè bay: DOHMH, Attn: CSPOA, 42-09 28th St., Long Island City, NY 11101. Mwen konnen ke revokasyon mwen an p ap efektif si moun oswa òganizasyon mwen te bay otorizasyon pou itilize ak/oswa divilge enfòmasyon ki gen rapò ak pitit mwen an (oswa mwen menm si mwen gen laj 18 lane) te deja pran mezi akòz otorizasyon mwen an.

Siyati pasyan an oswa reprezantan lalwa otorize a

Dat

3.25 Haitian Creole